АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№28 (10022)
РУЗМАН
15 июль 2022 сон
16 ЗУЛЬ-ХIИДЖА 1443 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство — Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ — Багъа эркенаб

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

## Медикал кIодо гьаруна

**Араб шамат къоялъ Шамил ЦРБялъул тохтирзабаз кIодо гьабуна жидерго профессионалияб байрам. (19 июналъ гьабизе рес ккечIого гьеб нахъбахъун букIана).**



Гьава-бакъ рекъараб, лъималаз хIухьбахъулеб "Каскад" лагералде гьезда байрам баркизе рачIун рукIана районалъул бетIер М.ХIасановгун ДРялъул тIабигIат цIуниялъул ва экологиялъул министр И.Ибрагьимов, республикаялъул ФОМСалъул вакил ва Миннацалъул отделалъул начальник Хасайбат Валиевна. Гьалбадерица тохтирзабазда баркана гьезул байрам ва гьезие хадубккунги унтаразул гьабулеб тIалаб-агъаз лъикIлъиялде ахIулел хинал рагIаби абуна. ЦРБялъул бетIерав тохтир Ибрагьим Халиловас ва бакIалъул профсоюзалъул комитеталъул председатель ГI.Магьдиевас гIемерал ceретIурал хIалтIухъабазе кьуна ХIурматалъул грамотаби ва гIарцулал сайгъатал.

ТIагIамаб ва бечедаб тепсиялда нахъа къотIичIо машгьурал кочIохъабазул кечI-бакъанги, зурма-къолол кьурабалъ багъулеб гьаракьги. Эркенго ва ихтилат-кепалда араб гьеб къоялъ гьира базабуна хIухьбахъиялдаса хадуб жеги лъикI хIалтIизеги, хIалкIвараб куцалъ унтаразе дару-дарман гьабизеги.

С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ



МухIамад ХIасанов тIадегIанал гьалбалгун тадбиралда

■ ШАПАКЪАТАЛ

## Ибрагьим Халиловасе бахIарчиясул цIар

**Араб шамат къоялъ Шамил ЦРБялъул бетIерав тохтир Ибрагьим Халиловасул каранда бана "Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи" абураб меседил медаль.**

Гьеб шапакъат кьезе районалде рачIун рукIана РФялъул Думаялъул депутат Н. НурбахIандовасул кумекчи Гантилов ГIабдула ва "Дагъистан" ГТРКалъул журналист Лабазан АхIмадов. Киназего кьолел шапакъаталги гурелъул, хIалтIи лъикI гьечIони, гьеб кьеларилан абураб пикруялда дида ракIалде ккана И.Халиловасул хIакъалъулъ газеталде хъвазе.

ГIагараб ТIидиб гьоркьохъеб школа лъугIигун, гьев цIализе лъугьун вуго Дагъистаналъул мединститутальде. Гьеб лъугIигун, 1994 соналдаса нахъе хIалтIун вуго республикаялъул клиникияб лъималазул больницаялда эндоскопист-хирурглъун 2017 соналде щвезегIан. Гьелдаса хадуб цо соналъ Гьидалъ участкаялъул больницаялдаги хIалтIун, 2018 соналъ тIамун вуго Шамил ЦРБялъул бетIерав тохтирлъун. Гьесул камилаб лъай букIиналъул бицуна Москваялъул Сеченовасул цIаралда бугеб медакадемиялда (2009с.), Н.И.Пироговасул цIаралда миллияб медцентралда (2016с.), Россиялъул халкъияб магIишаталъул ва госслужбаялъул РФялъул Президентасда цебе бугеб академиялда(2019с.) ва чанго нухалъ Дагъмедакадемиялдаги Ибрагьимица жиндирго махщел ва лъай борхизабиялъги.



Гьесул хIалтIи-хъулухъалда бан гьадинаб гара-чIвари ккана нижер:

(Ахир 2-леб гьум.)

■ РАЙОНЦОЯЗУЛ ЦЕРЕТIЕЯЛ

## ХIотодаса ГIабдула МухIамадовасул цIияб хъулухъ

**ДРялъул ХIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас 8 июлалъ нилъер районцояв, ХIотодаса МухIамадов ГIабдула МухIамадович цIияб хъулухъалде тIамулеб указалда гъулбасана. ГIабдула МухIамадов тIамуна ДРялъул туризмалъул ва халкъиялгун художественниял ишазул министрасул тIоцевесев заместительлъун.**



**НИЖЕР БАЯН:**

*МухIамадов ГIабдула МухIамадович гьавуна 1980 соналъ гьидерил мухъалъул ХIотода росулъ.*

*ЦIалана ДГУялда ва МГЮАялда (Московская государственная юридическая академия) «менеджмент» ва «юриспруденция» специальностазда.*

*2002 соналдаса нахъе ГI.МухIамадов хIалтIана ДРялъул росдал магIишаталъул ва продовольствиялъул министерствоялда батIи-батIиял хъулухъазда.*

*2020 соналъул февралалдаса гьес тIубазабулеб букIана ДРялъул туризмалъул ва халкъиялгун художественниял ишазул министрасул тIоцевесев заместителасул статс-секретарасул хIалтIи. Гьединго, гьев ккола 2018 соналъ тIобитIулеб букIараб «Дир Дагъистан» абураб регионалияб кадрабазул конкурсалда бергьенлъи босаразул цоявлъун.*

Баркула ГIабдула МухIамадовасда тIадегIанаб хъулухъ. КъадрукъиматаIда хIалтIи нухда бачине кьеги сахлъи ва къуват.

НИЖЕР МУХБИР

■ АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

## Гъурущ сабаблъун бичуге иях



Киназулго кIалалъ ахIулеб ва абулеб буго Дагъистан туризмалъул алжан бугилан. Хасго гьеб макъамалде нилъ рахана коронавирусалъул гьукъияз церетIурал туристазул бакIазде ине рес щвечIолъиялъ. Унго-унгоги, Дагъистаналда руго киналго туризмалъе ресал. Бокьаразе берцинал мугIрул, гьелчолеб Каспий ралъад, Сулахъалъул гъварилъи, гьаадерил сиял, Тоботалъул чваххи, некIсияб Дербенталъул къватIал ва цойги гIемерал берцинлъаби. Лъабго-ункъго соналъ цебе нилъ хIинкъадго гIенеккулаан нилъер ракьалде туристазул боял рачIине ругин абурал рагIабазде. ХIинкъи букIана туристазул ретIа-къаялъулъ, хьвада-чIвадиялъулъ. Гьелдаса пайда босун жамгIиял гьиназул жидежидер гьурмазда лъолел рукIана я рец-бакъ гьарулел, яги гьелъул гIаксалда туристазул рукIа-рахъин какун рихьизарулел хIужжаби.

Туризм цебетIезабиялъе гIоло гIуцIана ДРялъул хасаб министерство. Гьелъул мурад букIана туризмалъул рахъалъ церетIурал хIукуматазда гIадин, нилъер республикаялъул экономика цебетIеялъе ресал щвезари. ХIакъикъаталдаги, нус-нус росабалъ хIалтIи гьечIого рукIаразе рес щвана жалго жидедаго чIаралълъун хIалтIизе. Гьелдаго цадахъ цIилъана чIунтулел рукIарал росаби.

Рази ругищха туристал нилъер республикаялда гьабулеб рукIа-рахъиналъул хъулухъалдаса? Туристазда пайда босулеб буго туризмалъул компанияз, гьалбадерил рукъазул ва квана-гьекъолел бакIазул хважаинзабаз, амма гьез жидеего хайир щвей гуреб, инсанасул гIумру ва сахлъи цIуниялъе, сверухълъи чорок гьабичIого теялъе шартIал чIезарулел гьечIо. Гьеб хIужжа чанго нухалъ прессаялдаса кьуна ва РФялъул Федералияб Собраниялъул Федерациялъул Советалъул нухмалъулей Валентина Матвиенкоялъгицин гIайиб чIвана дагьал цере къояз Дагъистаналде бухьараб сапаралда.

Аби буго, чIобого щвараб жоялъул къимат дагьаб букIунин. Нилъее Аллагьас кьун буго берцинаб тIабигIат сверухълъиялъул, рекIелъ щивасулги бижун буго хIалимаб гIамал, амма гъурущ сабаблъун цояб тIубан тIагIунеб буго ва цогидабги хвезабулеб буго. Туристал багьанаде ккун, рахинарулел руго багьаби сундулго. ТIоцебесеб иргаялда таксиялда хIалтIулез! Узухъда, щивасул рес буго абизе, бокьун батичIони рекIинчIого чIайилан. Амма зодоре рахинарурал багьабаздаса кьезе бегьуларищ жидер машина бачунеб нух къачIаялъе хIакъ. «ГIор щварабго цIул бахъе»-ян абураб кициялда хадур чIей лъикIаблъун бихьуларо дида. Нилъ руго цIакъал гьоболъиялъе, хасго гьеб «гьоболлъи» жамгIиял гьиназда лъезе. ХIакъикъаталда нилъеца цIунулеб бугищ гьеб? Кинабго гьабулебщинаб рихьдае гьабичIого, бегьуларищ гьеб ракI-ракIалъ гьабизе? ГIайиб чIвараб мехалъ, щай абулеб «замана гьадинаб бачIун бугилан»? Заманаялъ хисулеб жойищ иманги, гIамалги, хьвада-чIвадиги?

Нилъеца хIаракат бахъула халкъалъул маданият цIунизе. Гьелдаго рекъон, туристаздасаги тIалаб гьабула нилъер гIадатазулги диналъулги адаб гьабизе. Малъа-хъваяз гьеб къабул гьаби щакаб жо буго. Нилъецаго мисалаз бихьизабичIони, пайда букIинарин ккола дида. РачIа нилъее Аллагьас кьураб тIабигIияб ва рухIияб берцинлъи хIажатханаялде сверизабичIого тезе.

■ ШАПАКЪАТАЛ

# Ибрагьим Халиловасе бахIарчиясул цIар

(Байбихьи 1-себ гьум.)

**- Щиб гIилла букIараб тохтирасул махщел тIаса бищизе?**

- Дир эбелалъул вац М.АхIмадудинов вуго медициниял гIелмабазул доктор, профессор, гьесул хIалтIи берцин бихьулаан дида. Школалда цIалулаго кинаб махщел тIаса бищилеб абураб сочинениеги дица тохтирасул махщел тIаса бищилин хъван букIана.

**- Мун хIалтIулев вуго институт лъугIаралдаса нахъе 28 соналъ батIи-батIиял бакIазда тохтирлъун. ГIумруялъул мисал босизе гIадал чи рукIанищ дур?**

- ЦIалулеб мехалъ дица цIакъ адаб гьабулаан профессор Шарипов Наби Ариповичасул, гьединавго вукIана лъималазул хирург АбдурахIман Дадаевичги, 20 соналъ дун жинда цеве хIалтIарав ДРКБялъул бетIерав тохтир МахIачев Сиражудинги. БатIиябго рокьи дир букIана росуцояв вугилан гурев, мунагьал чураяв министрлъунги, госпиталалъул нухмалъулевлъунги хIалтIарав Ибрагьим МухIамадовичасдехун. Дун ризго щолаан гьесухъе. ГIемерал пайдаял малъа-хъваял, гIакълаби кьолаан гьес. Ахиралда унтидалги, дун гIагараб росулъе тIамун вугилан рагIидалги, гьес абуна гьенив мун цIакъго лъикI хIалтIизе кколиланги. Ахирги хъизан Паридада абун батана жиндир медхалат дие кьейилан. Гьелъги дун тIамула Ибрагьимго гIадин хIалтIизе. КIудияб божилъи гьечIищха гьеб?

**- БетIерав тохтирасул жаваб кьеялда руго цохIо унтарал гурелги ЦРБялъул 84 тохтир, 307 гьоркьохъеб медицинаялъул хIалтIухъан, санитаркабигун техническиял 227 чи. Кинаб хIалтIуца бечедаб бугеб бетIерав тохтирасул гIумру?**

- Жакъа кинабго хъвай-хъвагIай буссун буго электронияб цифрабазул къагIидаялде. Киналго гуро гьелде ругьунлъун ругел. Гьелде ругьун гьариялде цIала гIемераб замана, цойги дагьалищха рукIунел кIвар кьезе ккарал суалал. Халкъалъул диспансеризация, рачIунел цIи-цIиял унтарал, семинарал, данделъаби ва гь.ц.

**- ГIемераб заман чIвалеб батила минздравалдаса, цойги идарабаздаса рачIарал кагътаз. Унтаразденун вуссине заманго хутIулищ?**

- Ахираб заманалда цIалунцин рахунарелгIан гIемер рачIунел руго гьелги. Бугониги кинабго рехун тун унтаразухъе щола. Лъималазул хирург хIисабалда тIоцебе лъималазухъеги ваккула.

- Дурги коллективалъулги хIалбихьилъун букIанин абизе бегьула арал соназ багьарун букIараб ковидалъул пандемия. Гьелъ тIадеги сунде кIвар буссинабизе мун тIамурав?

-РукIана гIемер захIмалъаби. ТIоцере тохтирзаби гIоларого гьел рачине ккана участкабаздасаги, хIатта, стоматологалгицин. Гьелъ рекIеда ратизе гьаруна гьединал унтаби ракканиги, гIемерчиязул цадахъаб отравление бугониги, кинабго хIажатабщинаб жо букIинабиялде, хехаб куцалъ хIалтIизе, ай мобильность букIинабиялде, гIемер унтарал рачIанагIан сагIат гIадин хIалтIизе кколеблъиялде.

**- Унтарал сах гьаризеги, унтаби гьукъизеги дур пикруялда аслияб жо щиб бугеб?**

-ТIоцебе букIине ккола профилактика, ай унтаби гьукъиялъе гьарулел тадбирал. Профилактикиял хIалтIаби цIикIкIанагIан унтабиги дагьлъула. ГIадамазда бичIчIулеб гьечIо гьелъул кIвар, цо-цояз вакцина гьабизе инкарцин гьабулеб буго. Церехун лугIанин тун рукIарал унтабицин раккулел руго. Цойги хIажат буго унтаби гьукъизе, сах гьаризеги тохтиразе гъваридаб лъай. Хасго гIолохъанал тохтиразе, цохIо интернеталде раккун гурebги.

**- КIудияб коллективалда камун ратиларо “гьацIулъ хIеги, хIанилъ расги камуларин”абухъего, цо-цо захIмалъаби. Дур ругищ гьел? ГIайибалъе гIоло цониги чи хIалтIудаса вахъанищ?**

-ХIалтIудаса чи вахъи буго ахирисеб жо. КIвар кьезе ккола гьел хIалтIизе тIамизе, лъалареб малъизе, гьадингоги хIалтIухъаби гIолел гьечIо. ХIалтIудаса чи вахъизе ккечIо, нахъеги ккелареб батила.

**-Хадубккунги хIалтIи лъикIлъиялъул мурадалда щиб гьабизе ракIалда бугеб?**

-ХIалтIи цебе бачине нилъее къваригIуна лъай бугел тохтирал ва гьединго, медсестраби, фельдшерал. ХIалтIуде дица росула конкурсги гьабун, жеги хIалбихьизе заманаги цIан.

**- Мун жакъасеб хIалтIуде вачIаралдаса тIубалеб буго 4 сон. Кинал рукIарал гьел сонал. Дагьабниги лъикIаб рахъалдехун хIалтIи бачине кIванищ?**

-Цойгидазул къимат дида лъаларо, дирго хIисабалда лъикIлъанин ккола. МоцIида жаниб 2 нухалъ тохтирзабиги данде гьарун, гьенире росула кIвар кьезе ккарал суалал. 200 гIанасеб компьютер лъуна, цебе букIинчIеб. Цо-цо отделениязда гьабуна ремонт, кIодолъана автомашинабазул(хехаб кумекалъул)парк, цIа свинабулеб машина жанибе бачIине бегьулареб букIун, лъималазул отделениялде унеб кьо цIидаса борхатги гьабун балеб буго. Бухгалтериябухъун букIиналъ, документал цIи гьаризе кколел руго. Гьелъги бахъулеб буго гIемераб заман.

**- Кин бугеб кадрабазул иш, аби гьечIищха коллективалда бараб жо гIемераб букIунилан. Мун разияб коллектив бугищ?**

-Дун разияб коллектив буго, жеги лъикI букIине мурадги буго. КигIан дун вагьаниги, коллектив гьечIони, хIалтIи лъугьунаро. Кадрабазул иш босани, гьечIо чара гьечIого къваригIунев анестезиолог. ТIалаб гьабун щвезегIанги, нижеца контракт хъван буго Хьаргабиса анестезиологасулгун. АхIидал гьев вачIуна. Жеги хIажат руго 2 инфекционист, онколог, фтизиатр. Арал соназ нижеца восана 16 тохтир ва 2 фельдшер “Земский тохтир” программаялда. Гьединго, нижеца ралагьулел руго институт лъугIулел, лъикI цIалулел студенталги районалде рачIине. ГьабсагIат ТIелекь участкаялда гьечIо терапевт, ГIуриб участкаялде ячIана цо тохтур.

**-Хадубккунги хIалтIи лъикIлъизе щиб гьабизе бугеб?**

- РакIалда буго хIалтIи жеги лъикI гьабизе. Райбольницаялъе хIажат буго цIияб инфекционияб отделениялъул корпус базе, пищеблок цIи гьабизе. ТIалаб гьабулеб буго лапороскопическияб хирургиялъул аппарат, дицаго хIалтIизе бегьила гьеб.

**- Ибрагьим, ахиралдаги, кин дуца гьеб шапакъат къабул гьабураб?**

- Общественнияб пикруги хIисабалде босун, гьеб дие кьедал, дун гIажаиблъун хутIана. Дидаса мустахIикъал чигодай кьезе ратичIоян. Кин бугониги, дун тIадавлъун гьавула гьелъ жеги лъикI хIалтIизе, сахлъи цIуниялда районалъул халкъалъул мурадалги тIуразе.

**-Баркула нахъойги дур шапакъат. Баркала гара-чIвариялъухъ.**

* * *

Мун хIалтIухъан вукIин якъинго лъала,
БахIарчи вахъинги жеги цIакъго лъикI.
Бергьараб махщелги, гъваридаб лъайги,
Унтаби гьукъулеб къорлъун хутIайги.

Къимат цIикIкIанагIан гIадан хиралъи,
Хасиятав дуда рекъола гьеб цIар.
БацIцIадаб нигатгун сахлъи цIунулев,
Сахаватав дуда баркула гьеб цIар.

ЦIаруй гIоло гуро районцоязул,
Сахаб гIумруялъе дуца гIетI тIолеб.
ТIокIаб жо гьечIого чорхолъ щулияв,
Щивав инсан гIезе мун векердулев.

Биччай шапакъатал гIемерлъанагIан,
Унтаразе пайда духъа цIикIкIине.
Хъулухъалъул болъо борхалъанагIан,
ГIаданлъи биличIев чилъун хутIизе.

Сайпула ГЬИТИНАМУХIАМАДОВ

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

## Куракул бечедаб бачIин



Нилъер районалда аслияб куцалъ куракул ахал жидеца гIезарулел, пихъил бачIиналдалъун магIишат гьабулел гьакьадерил жамагIат исана цIакъ разиго буго. Машааллагь, куракул гьутIби пихъица гIодоре цIалел руго. ТIадбан хIалтIаби унел руго Гьолокь росулъ. Курак бакIарун машинаби цIун Россиялъул шагьаразде бичизе бачулеб буго. ГIемерисел уна Краснодар, Ставрополь, Воронеж ва цогидал шагьаразде. Сельхозпроизводителазул рагIабазда рекъон, курак тамахаб пихъ букIиналъ, цIакъ хIалакун щвезабизе кколеб буго босулезухъе.

Исана соналъ, 9 июлалде, куракул цIун районалдаса къватIире ана щибалъ къо-къо тонна баччулеб 3 фураги, ва лъаб-лъаб тонна босулел 12 газельги.

П.ЖАМАЛУДИНОВА

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# ХIалалаб боцIул бетIергъаби

*ШаргIалда какараб кодой босараб,*
*Кинабго боцIи-мал чураяб заман...*

**(ХIумайд-афандиясул назму)**

Бусурманчиясул аслияб гIамалалда гъорлъ рехсезе ккола хIалалаб боцIул бетIергъан вукIин. ХIалалаб боцIиялъул, ригьалъул, ракьалъул. Киналъулго бетIергъанлъун вахъине тIалаб гьаби гьесулъ бижизабизе ккола гьавураб къоялдаса нахъего.

ГIемерал соназ Советияб пачалихъалда нилъ куцана гIаммаб магIишаталде. Гьеб ясбер гIадин цIуниялде ахIулаан. БукIанищха гьедин? Кин цIунулеб нилъ бетIергьан гуреб, чияр боцIи. Гьандихъа устар ХIумайд-афандияс (къ.с) абулаан, цо гIеч колхозалъул босисе бегьуларилан. Гьеб лъимадул лъимадулги бутIа бугеб жо кколилан.

Гьандихъ росулъ 1937 соналъ гIуцIун буго колхоз. Гьелда цебе букIун буго гьалмагълъиян абулеб магIишат. Гьениб ихтияр букIана бокьани гъорлъа нахъе ине, хутIараз цадахъ лъугьун хъутан босизе. Амма данде ккечIеб къагIида буго. Росулъ гIуцIана колхоз ва дандбана кинабго магIишат. Рaщалъи гьечIеб магIишат баладасаго гIемерисезда рихараб букIана. Колхозниказул паспорт букIинчIо. Гьезул ихтияр букIинчIо гьакьадерил кьо бахине. Гьениб хасаб пост букIана.

Нахъа советалъул председательлъун вукIарав Магьдиев МухIамадица бицунаан, колхоз гIуцIараб мехалъ, живги дир имгIал МухIамадов ГIарипги хатI лъикIал чагIи ругин, колхозалде росейилан гIадамазул рахъалдасан жидеего бокьун гIарзаби хъвазе тIамунилан. Щивасул гIарза жидеда парторгас абун хъвазабунила. Гьединго, жидеда хъвазабунила Сталинихъе баркалаялъул кагъатги. Районалъул вакилзабаз колхозалде лъугьунарев чи рикIкIине лъугьана Совет хIукуматалъул тушманлъун.

Колхозалъул ракьалъухъ гIадамал ралагьулаан бетIергьанчи гьечIеб ракьалъухъ гIадин. Колхозалдаса рорчIизе гIемерал къасдал гьарулаан. Цо-цояз боцIи хъун, бичун тIагIинабизе хIал бихьана. Цо-цоял росу тун къватIире ана. Думаласул Сулейман абулев чиясги, гьесул вас МухIамадицаги рукъалъул кьварилъиялъухъги балагьун, кванaзе жо гьечIого хутIидал, жидецаго колхозалъе кьураб гIачIар хъун батун, гьев кIиявго араб бакI лъачIого тIагIинаруна. Яс Бахтика гIемераб гIакъуба бихьун чанго сонги къватIиб бан рокъой йорчIана.

Щивав чияс хIалтIул боцIи кьезе кколаан колхозалде, гьезда цадахъ хIалтIул алатги щвезабизе кколаан. ГьечIев чияс бичун босунги щвезабизе кколаан алат. Амма гьениб кинаб букIаниги ращалъи яги жиндиего бокьи букIинего букIинчIо. РукIана гIадамал гIицIго хIалтIул алат колхозалъул правлениялде щвезабурал, амма цониги бетIер боцIул кьечIел. Цо-цояз 6-7 оцги, 100-150 бетIер гIиялъажоялъулги кьуна гIаммаб магIишаталде.

ГIаммаб магIишаталде кьезе ккана бекьулеб ракьги, цохIо 30 сотых колхозчагIазе, хъулухъчагIазе 15 сотых участок хутIизегIан. БетIергьабазе цо бечIчIулеб гIакаги, хIама-бечеги (Хрущевасул заманаялъ участокги тIаса къунцIана щу-щу сотых, бечеги бегьичIо тезе), жиндирго ракь бекьулеб оцги тана. Зама-заманалдасан контрактация абун цIикIкIун батараб боцIиги колхозалъе кьезе кколаан.

Росдал гIадамазул берги-ракIги букIунаан жидерго бахъун араб хурхералда хадуб. Колхозалъ хурзалги, хурдулги, ахалги чIунтизаруна, хIатта, бекьулеб ракьцин тIаса-масаго бекьулаан. Гьелда цIарги букIана колхозрекьи. Гъол участкаялъе кьолел хурзалги щибаб соналдаса дандран, цIидасан тIолаан. Щай гьедин гьабулебилан гьикъидал, абулаан ращад гьарулел ругилан. Амма чияр ракь щварабго Гьандихъа чияс ракьалъул бетIергьанасда лъазабулаан дие дур хурул хIажалъи гьечIин, дуца дие дир хур балагьейилан. Гьедин гьабизеги гьабулаан. Гьеб къагIида хIалтIизабуна 1989 соналде щвезегIан, ай колхозал рихзизегIан.

Чияр хур Гьандихъа чияс бекьичIо ва гьениб жаниб ригь-мулк бачIо. Амма гьацIулъ хIеги, хIанилъ расги камуларелъул, рукIана гьоркьоса гIадамал чияр ракь жидерголъун бихьаралги.

Рекъав Ибрагьим абулев (партизанaз жанив тIамуралъуса къватIивеги виччан, хадув колхозалъул бригадирлъун (завхозлъун) вукIун, хъутаналда хIалтIухъаби ракъуца хвезарун, судалде кьолев вукIарав (гьедин хъван буго советалъул протоколалда) чияс лъикI къачIараб жидерго умумузул хурий хIалтIулей гIадамалда «гьалмагъ, къватIие йилъа хуриса, гьеб гьанжеялдаса нахъе дир бугоян» лъазабун буго. Кин гьеб букIунебилан гIажаиблъун гьолъ гьикъидал, гьанжелъагIан дур букIана, гьанже дир буго, Совет хIукуматалъ гIадамал ращад гьарун ругин абунила. (Хадусеб заманаялъ гьеб хур цойгидал чагIаз кьун, бетIергьабахъе щвана).

Кин гьел хурзал санайил тIолел рукIарал? Гьениб аслияб роль колхозалъул нухмалъиялъ хIалаан. Росдал бегавул гьеб ишалде гъорлъе къалароан! Гьез рехулаан можоро хуралъе. Гьол чагIаз гIуж бахьи гьабун, нахъа хисизе ккечIого букIине, жидерго хуруе кьезабулаан можоро. Цо-цояз гьедин ккарабго, ахIулеб букIун буго «как раз» кканилан. Цо ПарсихIат абулей тIекълъи-мекълъи бокьуларей, амма битIаралда битIараб, тIекъалда тIекъабилан абулей гIадамалъ, гьелъул хурибе цониги нухалъ жиндирго можоро ккечIеб мехалъ ахIун буго: «ВахI, колхозалъул заместитель МухIамадиеги кколеб гаргас, гьесул вацасеги кколеб гаргас («как раз») дие щай кколареб?» - абун. Кин ккелеб, гъоб цебеккунго рекъезабун бугелъул.

ГIицIго 1972 соналъ Набиев МухIамад (ГьитIинав) председательлъун ккедал, гьес ракьал рикьи 3 соналде бахъана ва хадуб бетIергьабахъе кьуна. Гьелдаса гьанхъал рохулеб иш ккун батиларо.

Ракьални колхозал рихxун хадур, бетIергьабахъе кьуна, тIокIалъ кверал хIалтIизарун бажаруларeб хIалалдеги ккезарун. Хурдузул щибха ккараб? Гьозулги бетIергьаби рукIаралъул? Колхоз биххарабго, кули-мархьабазда цадахъ дол кьечIо бетIергьабахъе. Гьел рачана росдал администрациялъул бетIергьанлъиялде ва рецул заманаялъ ричизе байбихьана бетIергьабазе. Гьанже гьезги росичIого, рикIкIаде ине кIвахIаллъун, гIочIоде руссун, боцIи тIаде биччан, гIадада холел руго.

Гьедин, ракьги херги бетIергьабахъа нахъеги рахъун гIадада хвана, халкъги тIалабчилъиялдаса рикIкIад гьаруна. Росдал гIадамазул букIараб 105 кули тIатIала ккана, гIицIго 4-5 хадусеб гIелалъ къачIан, боцIи-панз хьихьизе хIалтIизе гьарулел руго. ХьулбугогьелчIагоньилилан.

Амма жакъа къоялъги гьанхъадерил щивниги чи гьел роккрой тарал, жанир хер бижарал чияр хурзабахъе къаларо. Умумузул азарго сонилаб гIадат, шаргIалъул тIалаб хвезабизе ракIалде ккечIо лъиданиги.

...Кинха тIобитIулеб букIараб магIишат гьанхъадерица?

Дагьабниги рес бугел гIадамаз, данде лъугьун гIиял рехъабиги гьарун, хасалоялде лъарагIазул гIатIиракьалде сапар бухьунаан. Гьенир хъощалги гьарун, удаманги вищун, хъутанги босун, ихдал тIинчI бахъизегIан хасел тIамулаан. Их тIаде щведал, цо хъощазул гIадамал жидерго мугIрузде тIадруссунаан.

Абизе бегьула, гьанхъадерил бащадаб гIумру кулабазда унаанилан. Кули камурав чи Гьандихъ къанагIатги вукIинчIо. Гьенире гочунаан цIойидаса бакъ лъугьараб къояз (хасел бащалъараб заманаялъ). Росдал магъущас ахIулаан гIакIа: «Ле, росдал гIадамал, рачунес раче, риччалес риччай, хIалтIул алатматахIгун нужерго кулабазде рахъа», - ян. Гьел кулабазда чIолаан хасалихълъиялъул ахиралде щвезегIан.

РукIана кулаби боцIухъабазул, ахихъабазул, кIиябго магIишаталъул гIадамазул, ва гь.ц. Гьенибе бачунаан чIегIер боцIи, чахъаби, гIанкIу-хIелеко.

Чангияз хаслихълъиялъул хIалтIаби кулабазда тIоритIулаан: хур бакIари, лал тIами, хасалоялде бакъвараб хер боцIуе хIадури ва гь.ц. Росулъе тIадруссунаан хъвел гьабулеб моцIалъ. Хасалил лъабабго моцI букIана руччабазул хIалтIул моцIал. Гьез байбихьулаан давагьаби, туртал, салмагал рессизе. Бессулаан, гьединго, сугъурги. Щияй чIужугIаданалъ хасалил лъабабго моцIида жаниб бессулаан 8 сугъур (отрез). Гьелъие гIужлъун букIана жакъа ГIабдусамадихъ бугеб ЦIутIарахъ хуралда гъоркьа бугеб хуриса гIазу биин.

ХIасил... ХIалалаблъун рикIкIунаан умумузул жиндаго гIакъуба бихьун данделъарабщинаб магIишат (хур бекьун, ахал къачIан, боцIи хьихьун, махщалил хIалтIи гьабун, бетIербахъиялъе ун ва гь.ц.).

**МухIамад ГЪАЗАЛИЕВ,**
**Гьандихъ росу**





Гьандихъ росу

■ ШИГIРИЯБ БОКIОН

# Дир гIагараб росу

Дие гIумруялъул каву рагьараб,
Дир гIагараб росу, хирияб МогЬохъ.
Дир урхъараб ВатIан, дир берзул канлъи,
Иманияб куцалъ гвангъараб росу.

Чарамул ракI бугел росдал умумуз,
Чорхол рухIал къунги цIунана ВатIан.
Тушманас мерхьине улка течIого,
Росдал гIолохъаби чIвана окопахъ.

ГIаданлъигун чилъи бацIцIад цIунараб,
Гьудуласул гьурмалъ гьими лъугIараб,
Къварилъи-гIатIилъи гIахьал гьабулеб,
Мисаллъун буго мун киса-кибего.

Намусалъул чирахъ даим гвангъараб,
Гьабураб лъикIлъидухъ баркала кьолеб,
ГIадамазда гьоркьоб гьуинлъи щулаб,
ЧIухIула дудаса гьайбатаб росу.

РекIее захIматал гIамалал гьечIеб,
Умумузул тарих билизе течIеб,
Эбел-инсул адаб борхатго ккураб,
Рекъелгун гьудуллъи гьарула дуе.

Доба борхалъуда Беркало мегIер,
Гъоба ахалъуда тIогьолаб ТIалоб.
Игьанди ракьалда гIиял рехъаби,
ТIогьода босараб баракатаб ракь.

Росдал ракь хьихьараб махъадерил лъар,
Лъарал рагIаллъуда беричал ахал.


МогЬохъ росу

ЗахIмат гIемер баччун жиб мискинлъичIеб,
Даимлъаги рохел гIагараб МогЬохъ.

ГIодуларо берал угьдуларо ракI,
ГIадада хвараб гIел росулъ гьечIелъул.
БитIараб нухдасан гIумру тIамулел,
РакIазе кьун бугеб щулияб иман.

Меседил хIурупаз цIар нахъе тарал,
ГIемерал рахъана гIагараб росулъ.

Кандидатал гьанир, докторал нилъер,
Даим гвангъараб цIва, генерал нижер.

Росдал гIолилазде аманат буго,
Воре рехун тоге адабгин хIурмат.
Цоцада гьоркьорги гьуинго рукIа,
Кидаго гьабуге ракI бакъвараб жо.

М-Р АСХIАБОВ

■ МИНПРОМТОРГ РАЗЪЯСНЯЕТ

# О маркировке молочной продукции

**Становится обязательной передача сведений в систему маркировки о розничной реализации, включая продажу через кассу, всей молочной продукции, подлежащей маркировке**

С 1 сентября 2022 года розница, которая продает маркированную молочную продукцию, должна начать сканировать коды на кассе при продаже и передавать сведения о продажах в систему с использованием онлайн-касс. К этому времени необходимо протестировать процессы продажи и обеспечить наличие 2D-сканеров на кассах, а также при необходимости обновить кассовое ПО.

**Для оптового и розничного звена вводится объемно-артикульный учет, а также для всех участников оборота (кроме сегмента HoReCa и фермеров) обязательна передача сведений о выводе продукции из оборота в виде объемно-сортового учета**

С 1 сентября 2022 года производитель, импортер, оптовик, розница - Участникам необходимо настроить электронный документооборот. Для этого нужно выбрать оператора ЭДО, провести тестирование электронного документооборота с контрагентами. Передавать сведения в систему необходимо о партиях товаров (информация о коде товара и количестве отгружаемого маркированного товара), без указания кодов маркировки, которые перемещаются между собственниками.

Необходимо передавать в систему сведения о выводе продукции из оборота по всем причинам, отличным от продажи по ККТ в виде объемно-сортового учета – указание кода товара и количество выводимого товара без указания конкретных единиц маркированного товара

**Становится обязательной передача сведений в систему маркировки об обороте и выбытии молочной продукции для сегмента HoReCa и госучреждений**

С 1 декабря 2023 года должны представлять в информационную систему мониторинга сведения об обороте и выводе из оборота указанной молочной продукции.

**Маркировка становится обязательной для фермеров (КФХ, СПК)**

С 1 декабря 2023 года производитель — к этому времени должны быть полностью настроены процессы по заказу кодов, их нанесению на товары с подачей отчета о нанесении, оплате кодов и вводу в оборот, а также реализована регистрация в системе маркировки.

Кроме того, фермеры должны подавать сведения в систему маркировки об обороте молочной продукции и выводе ее из оборота.

**Вводится поэкземплярный учет для продукции со сроками хранения более 40 дней, а также для всех участников оборота обязательна передача сведений о выводе продукции из оборота**

С 1 июня 2025 года производитель, импортер, оптовик, розница — участникам необходимо настроить электронный документооборот. Для этого нужно выбрать оператора ЭДО, провести тестирование электронного документооборота с контрагентами. Передавать сведения в систему необходимо о каждой единице маркированного товара.

Для всех участников оборота вводится передача в систему сведений о выводе продукции из оборота по всем причинам, отличным от продажи по ККТ (т.к. она с 1 декабря 2021 г.) в виде поэкземплярного учета — указание кода товара и количество выводимого товара с указанием конкретных единиц маркированного товара.

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

У налогоплательщиков есть возможность получать актуальную информацию об уплате налогов по электронной почте или в смс-сообщении

Налогоплательщики могут получать информацию о выполнении налоговых обязательств по электронной почте или в смс-сообщениях. Для этого достаточно направить согласие на информирование о наличии задолженности по форме, утвержденной приказом ФНС России

от 06.07.2020 № ЕД-7-8/423@. Согласие можно подать из Личного кабинета налогоплательщика, принести в налоговую инспекцию на бумажном носителе лично, через представителя, направить по почте заказным письмом или передать в электронной форме по телекоммуникационным каналам связи.

Такой формат информирования позволяет налогоплательщику своевременно отслеживать текущее состояние расчетов по уплате обязательных платежей и не допускать начисления пеней. Преимуществом смс- и e-mail-информирования также является актуальность сведений, сервис представляет достоверные данные на текущую дату.

Рассылка сообщений о задолженности осуществляется не чаще раза в квартал. Налогоплательщик может в любой момент отказаться от дальнейшего информирования, направив заявление об отказе. Вся полезная информация по реализации механизма оповещения о задолженности, а также способов ее погашения собрана на специализированной странице сайта ФНС России «Информирование о задолженности» (nalog.gov.ru/info_dolg/).


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун.
Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50